

Manyèl Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan nan Somerville

Lè yo enskri nan nenpòt Pwogram Adolesan oswa kòm Manm Pwogram Adolesan, fanmi yo dakò ak tout règleman, pwosedi, ak atant ki prezante nan manyèl sa a.

Lèt Byenvini

Byenvini nan Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan yo!

Pwogram Adolesan nou yo te lanse kòm yon inisyativ administrasyon Majistra Katjana Ballantyne nan, ki te kreye pou ogmante opòtinite pou adolesan Somerville yo pase deyò lekòl. Sa ki te kòmanse kòm yon Sant pou Adolesan evolye pou vin yon gwo varyete pwogram gratis, pandan tout ane a ki fèt pou ede divès kalite entere ak bezwen jenès lokal la.

Òf yo gen ladan yo:

- Klinik Atletik ak jimnaz ouvè
- Atizay Kreyatif ak pou Espektak
- Soutyen eskolè ak pou anrichisman
- Evènman sosyal ak sòti eskolè
- Atelye ke founisè anime, ak anpil lòt bagay

Pwogram Adolesan yo ouvè pou jèn Somerville yo nan klas 7yèm pou rive 12yèm ane, ikonpri elèv 12yèm ane k ap gradye yo pandan tout ete apre gradyasyon an. Adolesan k ap viv nan Somerville oswa ki ale nan Lekòl Piblik Somerville yo kalifye pou patisipe.

Kòman pou Enskri

Manm Pwogram Adolesan an

Nou ankouraje pou enskri pou vin Manm nan Pwogram Adolesan pou ka gen aksè nan tout gam pwogram gratis yo.

Pou enskri oswa mande èd, kontakte:

- Brooke Metivier, Kowòdonatè Pwogram Adolesan
- bmetivier@somervillema.gov

Imèl la dwe gen ladan l enfòmasyon sa yo:

- Non Paran/Gadyen
- Non ak Siyati Adolèsan an
- Non Pwogram nan oswa “Adezyon nan Pwogram Adolesan”

Yon fwa nou fin trete l, n ap voye yon imèl konfimasyon avèk pwochen etap yo.

Enskripsyon Endivisyèl nan Pwogram nan

Yon enskripsyon sèpare kapab egzije si:

- Depliyen pwogram nan di: “ENSKRIPSYON SEPARE OBLIGATWA”
- Adolèsan w lan pa apwouve pou l antre lib nan pwogram nan.

Kontakte Kowòdonatè Pwogram Adolesan an pou èd.

Règleman pou antre lib nan Pwogram yo

Adolèsan yo kapab patisipe nan pwogram yo si sèlman:

- Yo enskri kòm yon Manm Pwogram Adolèsan epi
- Yon paran/gadyen te chwazi “WI” pou yo antre lib pandan enskripsyon an

Pwogram ki gen antre lib yo jeneralman gen ladan yo:

- Seyans Jimastik Ouvè
- Pifò aktivite atletik yo (eksepte klinik)

Enpòtan: Antre lib ≠ Vini san enskri

Adolèsan yo pa kapab vini san yo pa enskri. Pou patisipe, ou dwe fè youn oswa lòt nan sa yo:

1. Kontakte Kowòdonatè Pwogram Adolèsan an davans pou l ede w nan enskripsyon an
2. Enskri poukont ou nan pwogram nan oswa kòm Manm Pwogram Adolèsan

N ap voye tounen lakay yo adolèsan ki rive san yo pa anrejistre yo, avèk konsiy sou kòman pou yo enskri. Yo kapab tounen yon fwa enskripsyon an fèt.

Règleman Pwogram yo

Angajman Pwogram Gratis

Pwogram pou Adolesan nou yo gratis pou tout patisipan yo. Men, pou asire nou rete enklizif, bay tout moun menm chans, epi maksimize patisipasyon an, nou travay sou règleman pwogram nou yo fen. Direktiv sa yo fèt pou pwofite adolesan ki byen motive pou patisipe yo pandan y ap dekouraje absanteyis ki anpeche lòt yo patisipe.

Pwogram pa Semèn (4–6 semèn)

Si yon adolesan manke 2 seyans youn apre lòt san kominikasyon:

1. Apre Semèn 1 an: Paran/Gadyen an ap resevwa yon imèl koutwazi.
2. Apre Semèn 2 a: N ap voye yon imèl “Enskripsyon Anile.” W ap gen 3 jou pou reponn avan nou retire w.
3. Re-Anrejistreman: Adolesan yo kapab re-anrejistre depi gen plas. Si pa gen plas nan pwogram nan, n ap mete yo sou lis atant epi n ap fè yo konnen lè gen yon plas ki lib.

Evènman & Sòti ki fèt yon fwa yo

Eksperyans sa yo limite e yo gen anpil valè. Pou garanti ke se moun ki fè plan pou patisipe yo ki jwenn plas:

- N ap voye yon imèl konfimasyon nan moman enskripsyon an (atravè MyRec).
- Yon imèl avan-sòti ap suiv apresa avèk kèk detay enpòtan.
- N ap voye yon imèl rapèl nan semen evènman an.

Nan Jou Sòti a:

- Transpò yo ap kite pa pita ke 15 minit apre tan ki te anonse an
- Si yon adolesan rate sòti a e ke okenn paran/gadyen pa kontakte kowòdonatè a: **Li pa p kalifye pou l enskri nan pwochen vwayaj oswa evènman espesyal la.**

Règleman Jimnastik Ouvè a

Jimnastik ouvè a se youn nan pwogram ki pi popilè nou genyen yo. Pou asire sekirite:

- Kapasite a limite a 40 adolesan pa semèn
- Adolesan yo dwe anrejistre pou yo patisipe ak yon antre lib OSWA yod we pre-enskri pou seyans lan.
- Adolesan ki vini san yo pa anrejistre yo pa p otorize pou yo antre

Règleman Founisè Pwogram yo

Nou fè patenarya ak plis pase 30 òganizasyon lokal pou bay pwogram anrichisman san parèy. Pandan pwogram sa yo gratis pou fanmi yo, depatman nou an peye pou yo kèlkeswa nivo patisipasyon an. Kèk pwogram founisè ap genyen pwòp règleman enskripsyon yo ke yon moun ka jwenn pandan enskripsyon an nan seksyon “kesyon” an.

Pami patnè nou te genyen deja yo, nou jwenn:

- Fondasyon Volo Kids
- YogaSix
- Rumble Boxing
- Girls LEAP
- Sacco Bowling
- McIntyre Ski Area
- Goofs Comedy Club
- Move Different
- Give A Cake Bakery

Egzijans Patisipasyon nan Pwogram Founisè yo

Evènman ki fèt yon sèl fwa yo

Dwe genyen omwen 50% kapasite enskripsyon an pou l fèt

Si mwens ke 10% adolesan patisipe, pwochen seyans evènman an ap anile

Seri 6 semèn

Dwe atenn 50% enskripsyon pou fè pwogram nan

Si yon pwogram atenn 90% kapasite a, n ap aplike règleman patisipasyon pa semèn ki nan lis pi wo a.

Konpòtman & Kondit

Nou fè tout efò pou n favorize yon anviwònman pozitif, enklizif epi ki an sekirite kote chak adolesan santi yo byen akeyi l e ke yo ba l valè.

Ranfòsman Pozitif

- Lwanj ak ankourajman nan men pèsonèl la ak kanmarad yo
- Rekonesans Jèn Semèn nan/Mwa a
- Pri, sètifika, aksè nan aktivite espesyal
- Avi bay Paran/Gadyen pou konpòtman eksepsyonèl

Egzanp Konpòtman Pozitif

- Respè pou pèsonèl la ak kanmarad yo
- Patisipasyon aktif ak efò
- Ede lòt yo ak enkli tout moun
- Demontre lidèchip ak yon lespri espòtif

Konpòtman Entèdi

1. Pawòl vilgè ak diskou rayisman
2. Agresyon fizik oswa goumen (Règleman Yon Sèl Frap)
3. Entimidasyon (ikonpri anliy ak andeyò lè pwogram yo)
4. Vandalis oswa destriksyon pwopriyete
5. Itilizasyon/posesyon dwòg, alkòl, oswa tabak
6. Derespekte pèsonèl la oswa kanmarad yo
7. Antre nan espas ki kontwole
8. Konpòtman ki pa montre espri espòtif
9. Abiman ki pa apwopriye oswa ki deranje
10. Posesyon zam tout kalite
11. Tout konpòtman pèsonèl la konsidere kòm danjere

Règleman Disiplin

Pwogresyon tipik:

1. Redireksyon
2. Avètisman vèbal
3. “Pran yon Poz”
4. Rapò ensidan + Avi bay Paran

Li ka nesèse pou yo vin chache adolesan an imedyatman si konpòtman an danjere. Pwoblèm oswa ensidan grav san rete (pa egzanp altèkasyon fizik) kapab lakòz yo retire adolesan an nan pwogram nan.

Règleman sou Altèkasyon Fizik

Pou nenpòt adolesan ki kòmanse vyolans fizik nou pral:

- Voye l lakay li imedyatman

- Kontakte atravè moun ki se kontak nan ka ijans li yo
- Retire l nan pwogram yo pou rèstane lekòl la

Pèsonèl la pral evalye tout pati ki enplike yo, avize fanmi yo, epi detèmine konsekans yo kòm sadwa. Pèsonèl direksyon an ak Devlopè Pwogram nan ap ede nan pran desizyon ki kenbe sekirite nan premye plan preyokipasyon tout moun.

Sante & Sekirite

Sekirite Jeneral

- Pèsonèl la Sètifye nan Reyanimasyon Kadyopilmonè (Cardio-Pulmonary Resuscitation, CPR) ak Premye Swen
- Pèsonèl la pa kominike ak adolesan yo sou media sosyal
- Nou ankouraje yon kominikasyon ouvè avèk fanmi yo

Kilè pou Rete Lakay : “Twò Malad pou Lekòl”

Kenbe adolesan w lan lakay si li:

- Gen yon lafyèv ki depase 100.4°F
- Te vomi oswa te gen dyare nan dènye 24 èdtan yo
- Montre siy yon maladi kontajye
- Pa fin pran 24 èdtan antibyotik li (si sa aplikab)

Kowonaviris (COVID-19)

Suiv Lis verifikasyon Sante pou COVID-19 Vil Somerville la. Kenbe timoun ou an lakay si l gen:

- Lafyèv, frison, oswa pèdi gou/ pa pran sant
- Tous oswa doulè nan gòj ak lòt sentòm
- Sentòm gastroentestinal (kè plen, vomisman, elatriye)
- Nen bouche oswa fatig ak lòt sentòm

Medikaman & Pwoblèm Sante

- Pran medikaman mande òdonans yon doktè ak yon etikèt sou bwat la
- Dwe gen yon plan aksyon ki bay pou aparèy respirasyon pou asmatik yo ak EpiPens yo.
- Medikaman san preskripsyon to dwe gen konsantman paran an (gen fòm disponib anliy)

Avize Kowòdonatè Pwogram Adolesan an si adolesan w lan:

- Gen alèji, asmatik, dyabètik
- Gen pwoblèm nan wè, tandè, oswa pou l deplase
- Te fèk entène lopital
- Nenpòt pwoblèm sante ki transmisib

Premye Swen & Ijans Medikal

Pèsonèl Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan nan Somerville la sètifye nan **Premye Swen ak CPR**. Sekirite ak byennèt chak patisipan se premye priyorite nou.

Si yon adolesan blese oswa bezwen atansyon medikal, pèsonèl la ap bay swen apwopriye a nan kad fòmasyon yo epi fè sa ki nesèsè pou asire pwoteksyon adolesan an. Pèsonèl la rezève l dwa pou l rele 911 si sipò medikal anplis nesèsè. N ap kontakte imedyatman paran/gadyen ki sou lis kòm kontak nan ka ijans yo si t a gen yon ijans medikal.

Regleman Enstalasyon yo

Lè Fonksyònman

Lè fonksyònman yo varye selon pwogram ak disponiblite espas la pou pwogram nan. Ou ka jwenn lè espesifik pou pwogram yo sou lis pwogram ki sou MyRec la, oswa ou kapab vizite:

- MyRec Somerville (<https://www.somervillerec.com>)
- Instagram: @SomervilleParksandRec
- Depliyen pwogram yo

Anilasyon & Fèmti

Anjeneral, pwogram yo kapab anile si:

- Mwens ke 5 adolesan patisipe pandan de semen youn apre lòt
- Mwens ke 5 adolesan enskri
- Pèsonn pa rive 30 minit apre lè yo kòmanse a

Se pèsonèl direksyon Pak ak Lwazi a k ap pran desizyon final la.

“Orè pwogram nou an suiv Lekòl Piblik Somerville yo: si lekòl fèmen, pa p gen pwogram.”

Sa enkli, men san limite ak sa sèlman

- Wikenn
- Jou lanèj
- Jou konje
- Semèn vakans
- Fèmti ijans

N ap avize fanmi yo pa imèl ak media sosyal.

Jou Konje Pwogram Adolesan

Pwogram adolesan yo pa p fonksyone nan gwo jou fèt yo, semen vakans lekòl yo, ak pandan move tan oswa ijans. N ap poste yon kalandriye konje konplè nan kòmansman chak sezon pwogram. Tanpri tcheyeke kalandriye aktyèl Lekòl Piblik Somerville la pou wè tout jou konje, fèmti, elatriye, ki pwograme.

Règleman Blding yo & Pwodesi Fonksyònman

Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan nan Somerville ofri divès kalite program gratis nan divès espas nan Somerville. Akòz divès espas ki genyen pou pwogram yo, règleman pou blding yo ak pwosedi fonksyònman yo varye selon espas la. W ap jwenn pi ba a règleman pou espas pwogram ke nou genyen ki itilize pi souvan yo.

Sant Edikasyon Edgerly

Adrès Antre ak Sòti

3 Otis St Somerville MA 02145

Règleman pou twalèt yo:

Yon adolesan dwe enfòmè Pèsonèl ki nan akèy la chak fwa li pral nan twalèt. Pèsonèl la sipèvize twalèt yo tout tan.

Adolesan yo otorize nan antre a, eskalye, koulwa 1^{ye} ak 2^{yèm} nivo an, twalèt ki nan 1^{ye} nivo yo, jymnaz la, ak kafeterya a nan kèk okazyon. Adolesan yo pa otorize nan okenn lòt pati Sant Edikasyon Edgerly a, ikonpri tout lòt sòti yo, koulwa, twalèt, salklas, elatriye. Si nou jwenn adolesan nan espas ki entèdi sa yo, y ap tonbe anba Règleman sou Konpòtman yo.

Regleman pou anrejistreman:

Pèsonèl Pak & Lwazi an ap baze nan antre a, koulwa, ak nan eskalye yo nan 3 Otis St la. Adolesan yo dwe anrejistre bò kote pèsonèl la avan yo antre nan enstalasyon an. Antre lib ap otorize sèlman si adolesan yo gen yon adezyon nan Pwogram Adolesan an ki aktif ak pèmisyon paran/gadyen yo pou yo antre lib. Adolesan yo pa kapab anrejistre sou plas; yo dwe fè enskripsyon an lakay yo epi y ap otorize pou yo patisipe nan semen apre adezyon yo an fin active.

Plis enfòmasyon:

Si yon adolesan ap frappe nan antre 3 Otis St la avan 6:00 pm, pèsonèl la pa p kakap ouvè pòt la. Tanpri pa eseye antre nan yon lòt pòt. *Adolesan yo pa otorize antre nan blding nan avan 6:00 pm pou okenn rezon, e yo pa t a dwe nan enstalasyon an apre 8:00 pm pou okenn rezon.*

Pou Jimnastik ouvè a, si plis pase 40 adolesan prezan, n ap voye rès patisipan yo lakay yo pou n kenbe yon kapasite ki pèmèt sekirite.

Sal Konferans 203 M nan Blding Administrasyon Tufts la (TAB Blding)

Adrès Antre

169 Holland St Somerville MA 02144, Room 203M

Règleman pou twalèt yo: Adolesan yo dwe enfòmè pèsonèl Pak ak Lwazi an avan yo ale nan twalèt. Pèsonèl Pak ak Lwazi a ap kontwòle koulwa a jiskaske adolesan an retounen nan espas pwogram nan.

Règleman pou anrejistreman:

Pèsonèl Pak ak Lwazi an ap prezan nan sal 203M nan avèk kaye prezans pou anrejistreman an. Egzijans anrejistreman yo varye selon pwogram nan: pa egzanp, pwogram atizay yo pèmèt adolesan yo antre lib si yo se Manm Pwogram Adolesan epi yo gen pèmasyon paran/gadyen pou antre lib, alòske Pwogram Benevola pou Adolesan an pa otorize pou yon adolesan antre lib. Adolesan yo kapab sèlman patisipe nan Pwogram Benevola pou Adolesan an si yo pa sou lis atant lan ak si yo pa t manke plis ke de semèn youn dèyè lòt.

Plis enfòmasyon:

Kèk pwogram, tankou Pwogram Benevola pou Adolesan an ak pwogram atizay yo, fèt nan Sal Konferans Bldg TAB la. Adolesan yo kapab vini nan sal konferans lan, koulwa ki bò kote 1 la, ak twalèt ki nan pwent koulwa a.

Aksè nan tout lòt espas bilding nan entèdi. Adolesan nou jwenn nan espas entèdi yo ap tonbe anba Règleman sou Konpòtman yo.

Tanpri remake: Adolesan yo pa t a dwe rive plis pase 30 minit avan pwogram ki prevwa a. Bldg TAB a se esansyèlman yon espas biwo, e patisipan yo pa t a dwe ap tann oswa flannen deyò espas pwogram ki deziyen yo.

Klèb Volo

Adrès Antre

300 Grand Union Blvd Somerville MA 02145 (Assembly Row)

Règleman pou Anrejistreman

Tout patisipan yo dwe ranpli yon enskripsyon sèpare pou Klinik Volebòl pou Adolesan an nan Klèb Volo a. Akòz pakèt enskripsyon ki genyen an, antre lib pa otorize. Pèsonèl Pak ak Lwazi an ap prezan sou yon tab pliyant, ki jeneralman anba yon tant, pou jere anrejistreman yo. Adolesan yo dwe anrejistre lè yo rive epi yo ap dirije yo nan espas pwogram ki apwopriye nan moman sa a.

Règleman sou twalèt yo:

Patisipan yo t a dwe enfòmè depi anvan Pèsonèl Pak ak Lwazi an ke yo pral nan twalèt.

Plis enfòmasyon:

Chak otòn ak prentan, Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan fè patenarya ak Fondasyon Volo Kids nan Klèb Volo pou ofri yon pwogram volebòl sou plaj. Antre a se anba konntènè estokaj ki gen afich “Volo Club” (pou “Klèb Volo”) sou li a. Lè w antre, ale sou bò dwat pou jwenn yon tab anba yon tant kote pèsonèl Pak ak Lwazi an ap fè anrejistreman an. Paran/Gadyen yo ap byenvini pou yo obsève nan “Gazon” an sou deyò Klèb Volo a pandan pwogram nan.

Pwogram Founisè yo

Kòm nou ofri yon varyete pwogram avèk patnè kominotè nou yo, sa vin ogmante espas kote nou kapab fè pwogram yo. Akòz varyete sa a, chak pwogram ap gen anrejistreman sèpare ki nesèse pou mezire enterè a, epi li pral suiv Règleman Pwogram Founisè a. Règleman pou Anrejistreman, Règleman pou twalèt yo, Espas yo, Orè Pwogram yo, elatriye, pral varye selon kote a ak

pwogram founisè a. Adolesan yo ap resevwa enfòmasyon espesifik pandan anrejistremman an, ak lè yo rive nan espas pwogram nan.

Espas ak Règleman Pwogram Ete pou Adolesan

Anga pou Bato Blessing of the Bay

Adrès Antre a

32 Shore Drive Somerville MA 02145

Anga pou Bato Blessing of the Bay

Nou ofri pwogram kannòt pandan seyans pwogram ete yo. Pèsonèl Pak ak Lwazi an ap tann adolesan yo anndan Anga Bato a pou yo anrejistre pou patisipe, epi pèsonèl adolesan an pral bay konsiy sou pwochen etap yo, sekirite nan sa ki gen pou wè ak dlo, mete ekipman yo an plas, epi mete yo sou kannòt yo.

Adolesan yo pa t a dwe rive bonè nan pwogram sa a. Lè ki bay pou pwogram nan bay yon fason pou pèmèt 30 minit pou tan anrejistremman, avèk espwa ke tout patisipan yo ap rive avan nou soti pou al nan dlo a – sa ke n ap mete anfas sou li nan depliyon pwogram nan ak nan anrejistremman sou MyRec la.

Lekòl Kominotè East Somerville

Adrès Antre

50 Cross St Somerville MA 02145, itilize pòt jimnaz la sèlman pou antre

Ou kapab jwenn pòt jimnaz la nan pakin lekòl la, ki sou Glen Street oswa Rush Street. Pòt la gri san manch, anlè yon ti eskalye. Adolesan yo pa t a dwe antre oswa sòti nan okenn lòt pòt nan lekòl la.

Anpil nan pwogram ete nou yo fèt nan jimnaz Lekòl Kominotè East Somerville la. Adolesan yo kapab itilize twalèt ki nan koulwa anba yo deyò jimnaz la. Adolesan yo dwe fè pèsonèl Pwogram Adolesan an konnen ke yo pral nan twalèt la avan yo kite jimnaz lan. Adolesan yo entèdi pou ale nan tout lòt koulwa, twalèt, salklas, sòti, elatriye yo. Si nou jwenn adolesan yo nan espas ki entèdi yo, y ap tonbe anba Règleman sou Konpòtman yo.

Règleman Anplis

Règleman sou Espektatè

- Adolesan yo kapab fè espektatè sèlman si yo te anrejistre epi apwouve pou antre lib
- Espektatè granmoun pa otorize (ikonpri paran, pwofesè, oswa ansyen elèv) nan okenn nan pwogram nou yo. Sa se pou asire ke pwogram ak espas nou yo rete sèlman pou adolesan yo.

Lòt Atant

- Telefòn selilè otorize men yo pa t a dwe yon distraksyon
- Pa gen fè foto/vidèyo lòt moun san pèmisyon
- Avize pèsònèl la avan w itilize twalèt yo
- Mete rad ki apwopriye e ki kenbe w an sekirite
- Pèsònèl la pa responsab pou objè ki pèdi oswa ke yo vòlè
- Pwogram nou yo 100% san sibstans

Enfòmasyon Kontak

Brooke Metivier

Kowòdonatè Pwogram Adolesan

Nimewo Telefon Selilè (rele oswa tèks) 857-300-3272

Imèl: bmetivier@somervillema.gov

Jeremy Vallesio

Jesyon Lwazi

Nimewo Telefòn: 617-625-6600 ekstansyon 2999

Imèl: jvallesio@somervillema.gov

George Scarpelli

Devlopè Pwogram

Nimewo Telefòn: 617-635-6600 ekstansyon 2984

Imèl: gscarpelli@somervillema.gov

Mèsi dèske w fè pati Pwogram Pak ak Lwazi pou Adolesan Somerville yo. Nou pa ka tann pou adolesan w lan vin viv yon eksperyans enteresan, ankourajan, e an sekirite!